

# Fè Lakay W & Machin W Lib de Lafimen/Vapè

## Kominike Plan W

Òganize yon reyinyon fanmi sou kijan nou pral travay ansanm pou kreye lakay/machin w lib de lafimen/vapè.

Fè lis rezon pou fanmi w vle lakay ak machin nou lib de lafimen ak vapè. Malgre sa a ka pi difisil pou moun nan fanmi w ki fimèn/vapè, koute youn ak lòt epi rete sipòtif.

## Nan Machin W

- Mete yon etikèt ki make lib de lafimen/vapè sou vit machin w pou fè tout moun konnen ou pa pèmèt moun fimèn/vapè nan machin w.
- Netwaye machin w byen. Li trè difisil retire tout tras fimèn/vapè, men tout sa w ka fè w pral ede.
- Retire sandriye machin w. Si w pa ka retire li, lave li epi plen li ak monnen oubyen chiklèt san sik.

## Nan Lakay W

- Fè si tout moun nan kay la, menm moun k ap vizite, konnen se deyò a pou yo ale pou yo fimèn/vapè.
- Poste yon panno "Fimèn/Vapè Entèdi" sou pòt devan an ak pwomès lib de lafimen/vapè a sou frigidè w pou fè moun konnen ou pa pèmèt moun fimèn nan kay la.
- Retire tout sandrive yo.
- Asire gadyen k ap okipe pitit ou pa fimèn/vapè otou plit ou (yo).

